



REPUBLICQUE D'HAÏTI

**MINISTÈRE DE LA SANTÉ PUBLIQUE
ET DE LA POPULATION**
No. *126*Port-au-Prince, le **21 avril** 20**20**

AVI # 22

4èm lanmò anba kowonaviris nan peyi Dayiti

Ministè Sante Piblik koube l byen ba pou l enfòm popilasyon an sou yon 4èm lanmò anba maladi COVID-19 ki rive nan depatman sidès peyi a pou jounen madi 21 avril 2020 an. Moun ki mouri a se yon gason nan laj 40 lane ki te soufri tansyon, li te gen fyèv, vomisman, ak gwo pwoblèm pou l respire sa ki te vin konplike ka li a.

Sitwayen sa a se youn pami 57 ka ki deja konfime nan peyi a jouk jounen jodi a.

Ministè a ap salye memwa konpatriyòt sa a ki pati kite nou an pandan l swete fòs ak kouraj ak fanmi, zanmi epi tout moun lanmò sa a touche.

Ministè sante piblik ap mande tout popilasyon an pou yo fè plis pridans paske maladi nouvo kowonaviris la se yon reyalite, se ansanm n ap rive fè fas ak li lè nou:

- **rete lakay nou;**
- **toujou lave men nou ;**
- **evite mete men je nou, nan nen ak nan bouch nou ;**
- **sizoka ou ta gen ijans pou soti, toujou sonje bay tout moun 2 pa distans epi toujou mete kachnen (mas).**

KOWONAVIRIS PA YON JWÈT !

An nou youn veye sou lòt, an nou youn pwoteje lòt !

Marie Gréta Roy
Doktè Marie Gréta Roy CLEMENT
Minis

